

Pou Piblikasyon Imedya: 25/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, AKONPAYE AK PELOSI, PREZIDAN LACHANM LAN, SIYEN
PWOJÈ LWA SOU PWOTEKSYON KONT ZAM APATI SIYAL ALAM LAN**

***Li Respekte Pwomès li te fè pou l Siyen Pwojè Lwa Siyal Alam lan —ki se yon
Eleman Santral nan Ajanda Jistis 2019 Gouvènè a—pandan 100 Premye Jou
Nouvèl Sesyon Lejislativ la***

***Lejislasyon an ap Anpeche Moun ki Montre Siy ke yo ka Poze yon Menas pou
Pwòp Tèt yo oswa pou Lòt Moun yo Achte oswa Posede Zam***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, akonpaye ak Nancy Pelosi, Prezidan Lachanm lan te akonpli pwomès li te fè pou l siyen Pwojè Lwa Siyal Alam lan (Red Flag Bill), ki se yon eleman kle nan Ajanda Jistis 2019 li a (2019 Justice Agenda), pandan 100 premye jou nouvèl sesyon lejislativ la. Pwojè Lwa Siyal Alam lan ke yo konn rele tou pwojè lwa sou pwoteksyon kont risk ekstrèm lan, ap anpeche moun ki montre siy ke yo ka poze yon menas pou pwòp tèt yo oswa pou lòt moun yo achte oswa posede nenpòt tip zam afe. Pwojè lwa sa ap plis devlope lwa sou zam New York yo ki deja lwa ki pi solid nan nasyon an, epi l ap fè New York vin premye Eta nan Etazini ki bay pwofesè ak administratè lekòl yo mwayen pou yo anpeche fiziyad nan lekòl yo atravè pouswit entèvansyon tribinal yo.

“Etazini pèdi plis moun akòz lanmò pa bal pase pifò peyi devlope yo. Pandan premye ane administrasyon Prezidan Trump lan, nou te pèdi 40,000 moun akòz lanmò pa bal - pi gran kantite moun ki te mouri konsa depi 50 tan. New York te trase chemen an lè nou te pwomilge lwa sou sekirite zam ki pi solid nan nasyon an, men nou dwe fè plis efò ankò pou nou mete fen nan kanaj sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jodi a, New York fyè pou nou pwomilge tou premye Pwojè Lwa Siyal Alam nan nasyon an k ap responsabilize pwofesè lekòl yo pou yo aji lè yo kwè gen yon move bagay ki pral rive. Nou ap responsabilize pwofesè yo san nou pa ba yo zam jan Prezidan vle a - men nou ap ame yo epi responsabilize yo avèk lalwa, kidonk lè yon pwofesè oswa yon manm fanmi wè gen yon pwoblèm, yo ka ale devan yon jij epi mande tribinal la yon òdonans evalyasyon. Pwojè Lwa Siyal Alam lan pral sove lavi epi li pap derespekte dwa okenn moun epi li se yon mezi bon sans.”

“Se yon trè gran lonè pou m akonpaye Gouvènè Cuomo, sivivan ak defansè yo pandan New York ap make listwa atravè pwomilgasyon lejislasyon pou prevansyon vyolans ak zam anblematik sa a”, **Nancy Pelosi, Prezidan Lachanm lan a te deklare.** “Pwojè lwa sa yo odasye, agrand anplè, k ap pote solisyon solid, global pou sove lavi epi mete fen nan kriz vyolans ak zam ensanse ki genyen nan Etazini an. Lidè nan Lachanm Eta a ak nan Lachanm Etazini an yo dwe kontinye travay ansanm pou nou asire ke yo pa fòse

okenn lòt fanmi andire trajedi ak chagren vyolans ak zam lakoz yo, kèlkeswa nan lekòl nou yo, nan milye adorasyon nou yo, nan lari nou yo oswa nenpòt lòt kote.”

“Mwen te vwayaje ale nan lekòl toupatou atravè eta a avèk Gouvènè Cuomo pandan ete ki sot pase a pou nou pouse an favè mezi bon sans pou sekirite zam yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Lè nou siyen Pwojè Lwa Siyal Alam lan vin lwa, sa pral plis vanse efò nou ap fè pou nou konbat vyolans ak zam epi retire zam nan men moun ki ka fè tèt yo oswa lòt moun mal. Pandan gouvènman federal al pa te reyisi pwoteje Ameriken yo, New York ap trase chemen an epi n ap pwomilge politik pou ede mete fen nan vyolans ak zam ensanse k ap fèt nan sosyete nou an epi ede sove lavi.”

Pa gen lwa ki egziste aktyèlman nan Eta New York ki ap pèmèt yon tribinal bay yon òdonans pou sezi tanporèman zam yon moun ki montre siyal alam yo, tankou konpòtman vyolan, oswa ke yo kwè ki poze yon menas danje grav pou tèt li oswa pou lòt moun, amwens ke yo te akize moun sa tou de yon krim oswa yon enfraksyon familyal. An plis, okenn eta nan nasyon an aktyèlman pa bay pwofesè ak direktè lekòl li yo pouvwa pou yo anpeche fiziyad nan lekòl yo apati pouswit entèvansyon tribinal.

Pwojè Lwa Siyal Alam lan pral bay tout pwoteksyon pwosediral ki nesesè pou asire ke yo pa retire okenn zam san pwosesis ki nesesè yo pandan y ap asire ke trajedi tankou fiziyad ki te fèt nan lekòl nan Parkland, Florid la pa repete ankò. Nan fiziyad masif sa a, divès moun te rapòte moun ki te tire moun yo kòm yon moun ki deranje epi danjere, epoutan yo te pèmèt li achte epi posede zam mòtèl yo. Anfèt, plis pase mwatye moun ki tire moun nan fiziyad masif yo montre siy avètisman avan fiziyad la, dapre yon analiz yo te fè resaman. Nan ka sa yo, yon òdonans pwoteksyon kont risk ekstrèm te ka anpeche yon pakèt lanmò ki pa nesesè.

Flewo vyolans ak zam k ap ravaje nasyon an se youn nan pwoblèm ki pi ijan nan tan nou an. Aktyèlman la, Etazini gen to omisid pa bal ki pi elve pami nasyon ki pi devlope nan mond lan yo. Nan ane ki fenk sot pase yo, lanmò pa bal te monte rive pi wo nivo depi senkant tan.

Avan sa, Gouvènè Cuomo te fè vanse lejislasyon pou retire zam nan men moun ki poze danje yo avèk lansman yon [kanpay toupatou atravè eta a](#) pou pwomilge Pwojè Lwa sou Pwoteksyon Kont Zam Apati Siyal Alam lan (Red Flag Gun Protection Bill) nan mwa jen 2018 la. Kanpay la te gen ladan yon seri toune an bis pou ale nan lekòl toupatou atravè eta a yo pou yo kanpe an solidarite ak elèv, pwofesè, ak administratè lekòl ki sipòte pwojè lwa a yo ak lòt refòm bon sans sou zam yo.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te adopte lwa sou kontwòl zam ki pi solid nan nasyon an, ki gen ladan Lwa sou Sekirite nan Zafè Minisyon ak Zam Afe a (Secure Ammunition and Firearms Enforcement Act, SAFE Act) k ap anpeche zam tonbe nan men moun ke yo te kondane pou enfraksyon yo ak moun ki gen maladi mantal ki danjre yo, entèdi magazin zam ki gen anpil kapasite yo ak fizi daso yo, epi ranfòse sanksyon kriminel pou itilizasyon zam ilegal yo. Gouvènè an te adopte resamman yon lwa ki vize lyen ke yo byen konnen ki genyen ant abi domestik ak vyolans ak zam ki mòtèl yo.

Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, “Se responsablite nou pou nou pwoteje kominote nou yo, lekòl nou yo, epi pou nou pwoteje tout Nouyòkè kont

vyolans ak zam. Apre plizyè ane inaksyon sou lejislasyon bon sans pou sekirite zam yo, Sena Eta a te pwomilge gran pwojè lwa sou sekirite zam ki gen ladan Odonans pou Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo (Extreme Risk Protection Orders, ERPO). Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lejislasyon bon sans sa a pou fè li vin lwa. Yon lòt fwa ankò, eta nou an pral sèvi kòm egzant pou rès nasyon an atravè lwa jidisyè nou pwomilge sou zam yo”.

Pòtpawòl Asanble a, Carl Heastie te di, “Panse ak lapriyè nou yo pa ase apre yon trajedi. Moajorite Asanble a gen yon long istwa depi y ap lite pou refòm bon sans pou anpeche vyolans ak zam, epi mwen fyè paske nou te an mezi pou n te travay ak kòlèg nou yo nan Sena epi nou te resi rann refòm sa a ak lòt refòm yo vin lwa teritwa a. Mwen konnen nou pral kontinye travay ansanm pou nou asire ke nou gen lwa ki pi solid ak pi jidisyè pou abòde rasin pwofond vyolans ak zam, epi fè New York vin yon kote ki pi sekirite pou tout moun”.

Senatè Brian Kavanagh te deklare, “Apre anpil ane depi n ap defann Odonans pou Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo nan Asanble a, epi pi resaman nan Sena, mwen fyè pou m wè yo siyen pwojè lwa ERPO a vin lwa New York. Lè nou limite aksè a zam yo pou sila ki poze yon danje reyèl kote yo ka fè tèt yo oswa lòt moun mal, nou ap pran yon trè gran pa vè lavan nan kad efò prevansyon vyolans ak zam nan New York. Avèk lwa sou zam ki solid, politik jidisyè, ak estrateji entèkansyon kominotè ki efikas, nou ap travay pou nou fè New York vin pi sekirite. Mwen remèsye Prezidan Sena a, Andrea-Stewart Cousins, Pòtpawòl Carl Heastie, Esponsò nan Asanble a, JoAnne Simon, ak tout lòt defansè ki te travay san pran souf pou fè nou rive atenn jou sa a, epi Gouvènè Andrew Cuomo paske li siyen lejislasyon k ap sove lavi sa a vin lwa”.

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, “Twò souvan, nou an mezi pou nou wè siy avètisman ke yon pwòch nou poze yon risk serye pou yo fè tèt yo oswa lòt moun mal, men nou manke mekanis pou nou anpeche trajedi tankou vyolans entèpèsònèl oswa swisid ak zam yo rive. Lejislasyon sa a ap bay manm fanmi yo, fòs lapolis, ak pèsònèl nan lekòl yo zouti yo bezwen pou yo anpeche trajedi vyolans ak zam yo avan yo rive. Avèk plis pase san moun k ap èdi lavi yo chak jou akòz vyolans ak zam, nou dwe fè plis efò ankò pou nou anpeche trajedi sa yo rive. Mèsè Gouvènè Cuomo pou angajman ou pran anvè sekirite zam yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)